



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
April 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

**** PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****
LAVE MEN W KA PREVNI PWOPAGASYON MALADI

TALLAHASSEE – Pou ede prevni pou pa pwopaje mikwòb ki ka lakòz maladi, li trè enpòtan pou lave men ou le pli souvan ke posib. Ou pwopaje jèm lè moun bliye pou lave men yo oubyen pa lave men yo byen.

Se pou toujou lave men ou avèk savon ak glo ki te bouyi oubyen dezenfekte, e ki refwadi. Main w yo fèt pou toujou lave avan ke ou prepare oubyen manje, aprè ke ou finn itilize twalèt oubyen aprè ke ou fin chanje yon koucèt bebe, aprè ke ou fin manyen manje ki potko kwit, aprè ke ou fin jwe avèk bèt domestik ou yo, apre ke ou fin manyen fatra, aprè ke ou finn okipe yon mon ki malad, apre ke ou mochen nen w, touse oubyen etènye, aprè ke ou fin pastisipe nan netwayaj inodasyon, ak aprè ke ou fin mayen bagay ki te kontamine avèk glo egou ak inondasyon ki te kontamine.

Ki lè ou dwe lave men you?

- **Après ke :** ou finn itilize twalèt oubyen aprè ke ou fin chanje yon koucèt bebe, aprè ke ou fin manyen manje ki potko kwit, aprè ke ou fin jwe avèk bèt domestik ou yo, apre ke ou fin manyen fatra, aprè ke ou finn okipe yon mon ki malad, apre ke ou mochen nen w, touse oubyen etènye, aprè ke ou fin pastisipe nan netwayaj inodasyon, ak aprè ke ou fin mayen bagay ki te kontamine avèk glo egou ak inondasyon ki te kontamine..
- **Avan ke ou:** Prepare ke ou manje, netwaye blesi ak koupi, avan ke ou mete oubyen retire lkontak lenti nan zye w.

Kijan ou fèt pou lave men ou?

- Lave men ou avèk savon ak glo ki te bouyi oubyen dezenfekte, e ki refwadi.
- Lave tout sifas komplètman, sa enkli pwayèt ou, pla men ou, do men ou, dwè ou yo ak anba zong ou yo
- Fwote de men ou ansanm pou omwens 10-15 segon e aprè rensen yo.
- Seche men ou avèk yon sèvyèt ki pwòp ak sèk oubyen avèk sèvyèt ki dispozab
- Itilize yon sèvyèt pou fèmen tiyo glo an

Si ou pa genyen savon avèk glo, likid sanite a baz alkòk se bon bagay pou itilize tou.

Pou plis enfòmasyon, vizite site Dèpatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen www.FloridaDisaster.org.

Florida Enfòmasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans : (850)-921-0384

###